



Gid pou Pasyan
Enfòmasyon Enpòtan
pou Sejou w la

Wellstar Douglas Medical Center

8954 Hospital Drive, Douglasville, GA 30134

Lis Sijè yo

Byenvini	2
Platfòm Pasyan MyChart	3
Repètwa Telefòn	4
Eksperyans ou	5
Gid ou pou Lopital Nou an	6
Chèn Televizyon	9
Plan Kanpis la	10
Sekirite.....	11
Atant Konpòtmantal.....	12
Enfòmasyon pou Vizitè	13
Anpeche Enfeksyon Lopital.....	15
Kesyon Enpòtan pou Poze Doktè w la	17
Senk Fason pou Goumen kont Enfeksyon	18
Angajman pou nou Bay Swen.....	19
Dwa ak Responsablite.....	20
Konprann Fakti w la	23
Sejou w nan Lopital la	25
Vi Prive w Enpòtan.....	29
Enstriksyon Alavans.....	31
Vin yon Volontè nan Wellstar	32
Èd pou Swen Klas Mondyal nan Wellstar Foundation.....	33
Rekonèt yon Bon Èd pou Swen.....	34
Sèvis Dijans nan Wellstar Douglas Medical Center	36



Byenvini

Nan Wellstar Douglas Medical Center, nou kwè nan plis pase annik konble bezwen medikal yo—nou pran swen moun yo. Ou plis pase yon pasyan. Ou se yon manm enpòtan nan kominote Douglas nou an: ou se vwazen nou, zanmi nou ak priyorite nou. Kèlkeswa rezon vizit ou a, ekip nou an pran angajman pou ba w swen ki espesyalize, atansyon epi pèsonalize. Nou jwenn direksyon grasa eksperyans Wellstar la, ki santre toutotou valè fondamantal nou yo:

- **Nou sèvi ak konpasyon**
- **Nou pouswiv ekselans**
- **Nou respekte chak opinyon**

Se valè sa yo ki bay chak entèraksyon, chak desizyon ak chak efò fòm pou pèmèt eksperyans ou an fèt an sekirite, san kanpe epi favorab. Nou rele sa eksperyans **PeopleCare** nou an, epi li plis pase yon deviz; li se pwomès nou fè w. Si gen nenpòt bagay nou kapab fè pou amelyore swen w yo, tanpri, pa ezite kontakte Ekip Eksperyans Pasyan nou yo nan (470) 644-6174.

Mèsi paske chwazi Wellstar Douglas. Se vrèman yon privilèj pou nou pran swen ou menm ak moun pwòch ou yo.

Kòdyalman,
Heath King
Vis Prezidan Prensipal ak Prezidan Lopital
Wellstar Douglas Medical Center

Rete Konekte ak Sante w grasa Platfòm Pasyan MyChart la.

Swen sante ki adapte ak pwogram ou epi ki toupre w

Enskri nan MyChart jodi a.



Gen aksè nan dosye sante w nenpòt lè, nenpòt kote. Kit ou lakay oswa ou an depasman, pòtal pasyan MyChart nou an konsève enfòmasyon medikal ou yo an sekirite epi li pèmèt ou gen aksè ladan yo byen fasil 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Li menm pèmèt ekip swen sante Wellstar ou a gen aksè byen rapid nan enfòmasyon vital nan nenpòt moman, yon fason pou ede w rete an sante.

Avantaj ak Fonksyonalite Platfòm Pasyan MyChart la:

- Pwoteje enfòmasyon medikal.
- Gade relve ak pèman fakti yo.
- Jere randevou w yo.
- Senplifye enskripsyon.
- Mande renouvèlman preskripsyon.
- Estoke enfòmasyon nan tan reyèl.
- Gade rezilta tèst ou yo.
- Patisipe nan Pataje Tout Kote.
- Kominike ak ekip swen w lan.

Fason pou w Kòmanse:

Ou kapab kreye yon kont Wellstar MyChart nan nenpòt etablisman Wellstar nou yo, oswa ou kapab enskri anliy nan mychart.wellstar.org.

- Si yo te ba w yon kòd aktivasyon, chwazi “Sign Up (I have a code)” (Enskri [Mwen gen yon kòd]).
- Si yo pa t ba w yon kòd, chwazi “Sign Up (I don’t have a code)” (Enskri [Mwen pa gen yon kòd]), epi mande yon kòd aktivasyon. Verifye imèl ou pou jwenn kòd aktivasyon MyChart ou a.



Telechaje aplikasyon MyChart la sou App Store oswa Google Play jodi a.

Pou plis enfòmasyon konsènan MyChart, tanpri, rele MyChart Help Desk nan (470) 644-0419.

Aksè Rapid nan Dosye ak Rezilta Swen Sante w

Kounye a, Wellstar bay yon aksè ki pi laj toujou nan enfòmasyon medikal ou yo, ak yon aksè elektwonik pi fasil nan dosye medikal ou yo. Olye w ap ret tann pou klinisyen yo egzamine enfòmasyon yo anvan yo mete yo disponib, yo ap pibliye tout rezilta tèst yo (eksepte tèst VIH ak tèst jenetik) ansanm ak nòt klinisyen yo sou pòtay pasyan Wellstar MyChart la kou yo vin disponib. Si w potko ap itilize MyChart, tanpri, enskri jodi a lè w ale sou mychart.wellstar.org.

Etdandone w ap resevwa rezilta w yo anmenmtan ak ekip swen w lan, kapab pa gen yon eksplikasyon ki disponib menm kote a. Nan kèk ka, nou konnen reta sa a kapab lakoz yon seri enkyetid oswa konfizyon, se poutèt sa, ekip klinik nou yo pran angajman pou kontakte w kou sa posib yon fason pou bay plis enfòmasyon sou nenpòt rezilta tèst ki pa nòmal. An jeneral, sa konn fèt nan espas de (2) jou travay apre nou fin pibliye rezilta yo, yon fason pou ekip klinik nou yo gen posibilite pou egzamine rezilta w yo epi pou yo gen bonjan enfòmasyon anvan yo pale avèk ou konsènan swen w yo.

Repètwa Telefòn

Ou vle rele depi anndan lopital la? Konpoze SENK (5) DÈNNE CHIF yo sèlman.

Nimewo Enpòtan yo:

Prensipal	(470) 644-6000
Boutik Kado D3	(470) 644-6248
Sante Espirityèl	(470) 644-6409
Eksperyans Pasyan	(470) 644-6174
Sèvis Restorasyon/Sèvis Chanm	(470) 644-5121

Lòt Sèvis nan Lopital la:

Fakti	(470) 644-6340
Sètifika Nesans	(470) 644-5558
Kowòdinasyon Swen	(470) 644-6793
Sèvis Anviwònmanal	(470) 644-4434
Sèvis Entèpretasyon	(470) 944-7300
Dosye Medikal	(470) 644-6380
Administrasyon Swen Enfimyè	(470) 644-6370
Enfòmasyon pou Operatè/Pasyan	0
Operasyon pou Pasyan ki pa Entène	(470) 644-6375
Famasi	(470) 644-6290
Sekirite	(470) 644-4244
Planifikasyon	(678) 581-5900
Sèvis Volontè	(470) 644-6406

Pou apèl lokal yo, konpoze 9 ak nimewo a. Pou apèl gratis yo, konpoze 9 ak nimewo a.

Pasyan yo pa kapab rele nimewo long distans yo apati telefòn ki nan chanm yo. Tanpri rele 1-800-COLLECT.

Ou kapab kontakte chanm pasyan yo, lè w rele liy prensipal lopital la nan **(470) 644-6000**.

Wellstar MyChart Bedside

Poze ekip swen w lan kesyon konsènan MyChart Bedside la. Tablèt takti sa a fèt sitou pou pèmèt ou rete an kontak ak prèske tout aspè nan plan swen w lan antanke pasyan ki entène. Antanke yon pasyan nan lopital Wellstar, ou kapab kenbe tablèt sa a ki sekirize, fasil pou itilize, pandan tout dire sejou w la.

Itilize MyChart Bedside pou:

- Gade dyagnostik ak medikaman w yo
- Gase pwogram tretman w lan
- Gen aksè nan laboratwa ak siy vital yo
- Aprann konnen manm ekip swen pou pasyan ki entène ou a
- Kreye nòt ak rapèl pèsònèl
- Egzamine dokiman pedagogik pou pasyan yo





La pou Ou – Menm Apre w fin Ale

Nan Wellstar Douglas, nou pran angajman pou nou bay swen pèsònalize, chaje ak konpasyon, epi ki repekte opinyon chak moun. Eksperyans ou an gen enpòtans, epi kòmantè w yo ede nou garanti sekirite ak byennèt ou—alafwa pandan nou ap ba w swen an epi apre w fin retounen lakay ou.

Nan espas twa (3) jou, w ap resevwa yon apèl toukout nan men ekip ou an pandan de (2) minit, pou verifiye eta sante w epi pou reponn nenpòt kesyon klinik ki rete. Si sa nesesè, yon enfimye ap fè yon suivi pou bay sipò anplis.

Epitou, ou kapab resevwa yon sondaj tou kout nan telefòn, mesaj tèks oswa imèl. Tanpri, pran yon ti moman pou pataje eksperyans ou an—sitou pou sa ki gen rapò ak komunikasyon, anviwònman swen an, enfòmasyon sou medikaman ak planifikasyon egzeyat la. Nonsèlman kòmantè w yo ede nou amelyore, men tou, li pèmèt rekonèt manm ekip ki fè yon diferans nan swen w te resevwa yo.

Mèsi paske w pèmèt nou akonpaye w nan pakou swen w lan.

Se NRC Health ki ap jere sondaj yo. Tout repons yo ap rete konfidansyèl.

Opsyon pou Restorasyon

Kafeterya

Anplasman: Etaj Anba Nèt

Lè: Manje maten: 6 AM – 9 AM

Manje Midi ak Dine: 11 AM – 7 PM

Mache Alimantè

Anplasman: 3yèm Etaj

Lè: Disponib 24 èdtan pa jou (kès otomatik, kat kredi sèlman)

Boutik Kado D3

Li twouve li nan Etaj Prensipal la

Lè: Lendi rive vandredi: 6 AM – 6 PM

Samdi 10 AM – 2 PM

Dimanch Fèmen

Ou kapab kontakte boutik kado a nan ekstansyon 46785. Nou aksepte lajan kach ak kat kredi.

Rele Enfimye w la


Chanm ou an lye ak pòs enfimye a pa mwayen yon sistèm entèfòn. Pou rele enfimye w la, peze bouton wouj **NURSE** la ki twouve li toupre kabann ou an oswa konpoze nimewo ki afiche nan chanm ou an. Si w gen nenpòt kesyon sou fason pou w itilize bouton apèl la, mande yon manm nan ekip la pou montre w kijan. Chak chanm gen yon tablo blan kote non ak nimewo telefòn enfimye w la ekri.

CaringBridge

Sit entènèt sa a la pou mete fanmi ak zanmi w okouran konsènan sejou w nan lopital la. Ale sou **caringbridge.org** epi suiv enstriksyon yo pou kreye yon paj entènèt pèsònalize.

Telefòn Selilè

Tanpri, kenbe telefòn selilè w la sou silans oswa sou vibrasyon pandan w lopital la.



Sèvis Anviwònmantal

Yo ap netwaye chanm ou an chak jou. Ekip swen an ap chanje dra kabann yo sou demann oswa si sa nesesè. Pou nenpòt kesyon konsènan antretyen menajè yo, tanpri, pale ak ekip swen an oswa konpoze 44434.

Sekirite kont Ensandi

Detanzantan, nou konn òganize egzèsis evakyasyon kont ensandi. Si w tande yon alam, rete kote w ye a epi manm pèsònèl lopital la ap di w sa pou w fè.

Flè

Livrezon flè yo fèt nan koulwa prensipal la epi se yon seri benevòl oswa manm ekip la ki distribiye yo. *Tanpri note sa, nou pa otorize flè ak plant vivan yo nan Inite Swen Entasif yo oswa nan chan kèk pasyan ki gen sistèm iminitè yo fèb. Nou pa otorize blad an latèks yo nan lopital la.*



Andikap Oditif/Vizyèl ak Entèprèt yo

Wellstar pran angajman pou li bay yon kominikasyon ki klè epi efikas pou tout pasyan nou ap pran swen yo. Tanpri, fè yon manm nan ekip Wellstar a konnen si w bezwen yon aparèy oswa yon sèvis, tankou yon loup oswa yon entèprèt, pandan sejou w la. Mete sou sa, ou kapab rele Sèvis Entèpretasyon Medikal Wellstar la nan (470) 793-6839 pou fè aranjman pou sèvis sa yo. W ap resevwa sèvis sa yo gratis.

Entènèt

Nou ofri Wi-Fi gratis nan lopital la. Konekte sou WDH_Guest epi aksepte “Guest Wireless Terms of Use” (“Kondisyon Itilizasyon Rezo san Fil Envite yo”).

Kite Inite w la

Pandan yon pasyan nan etablisman nou an, nou mande pou w rete nan inite w la. Pa janm kite inite w la san w pa pale sou sa ak ekip swen enfimye a. Yon manm nan pèsònèl lopital la ap akonpaye w chak fwa w ap kite inite medikal ou pou yon entèvansyon oswa nenpòt lòt rezon.

Objè Pèdi epi yo Jwenn

Pou objè ki gen valè epi ki pèdi yo, tankou bijou, aparèy pou tande, linèt solèy oswa aparèy elektwonik, tanpri rele Sèvis Sekirite a nan (470) 644-6261. Sèvis sekirite a pa estoke atik menajè yo tankou zorye oswa rad.

Okenn Foto oswa Anrejistreman

Nou entèdi pou fè anrejistreman videyo, anrejistreman odyo ak fè foto san konsantman lopital la. Nou ap mande w respekte vi prive pasyan yo ak manm ekip la.

Twalèt Piblik

Pou sante ak sekirite chak moun, nou ap mande vizitè yo pa itilize twalèt ki rezève pou pasyan yo. Gen twalèt piblik ki disponib toupatou nan lopital la. Mande manm pèsònèl lopital la endike w ki kote w ap jwenn sa ki pi pre w la.

Sante Espirityèl

Ekip Sante Espirityèl nou an disponib pou konble bezwen espirityèl, relijye ak emosyonèl nenpòt moun, kèlkeswa kwayans, lafwa yo, oswa si yo pa gen lafwa. Gen chaplen ki jwenn fòmasyon pwofesyonèl nan Wellstar epi ki disponib sou plas lendi rive vandredi, 8:30 AM pou 5:00 PM. Epitou, chaplen yo disponib pou ijans 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Pou kontakte yon chaplen, kontakte operatè lopital la lè w konpoze “0” depi nan telefòn lopital ou a. Pou refleksyon espirityèl ak meditasyon, chapèl nou an twouve li nan premye etaj la, anfas asansè prensipal yo.

San Tabak

Tout etablisman Wellstar yo se anviwònman san tabak. Nou entèdi moun fimen tabak nenpòt kote nan pwopriyete Wellstar a. Pasyan yo pa gen otorizasyon pou kite etablisman an pou yo al fimen oswa pran lòt pwodui abaz tabak. Si w se yon fimè/konsomatè tabak, ou kapab mande enfimye oswa doktè w la bagay pou ranplase nikotin lan.

Manm Pèsònèl la Itilize Telefòn Selilè

Detanzantan, sa kapab rive pou w wè yon manm pèsònèl itilize yon telefòn selilè. Wellstar bay iPhones, ki deja pwograme, pou yo kominike sèlman ak resous entèn yo, yon fason pou optimize kominikasyon konsènan bezwen pasyan yo.



Televizyon

Gen yon televizyon nan chanm chak pasyan. Tanpri, demontre konsiderasyon pou lòt moun lè w desann volim nan epi w fèmen televizyon w lan nan moman pou dòmi an. Ou kapab kontwole televizyon yo grasa wopalè ki entegre nan zorye a oswa grasa kòmand ki sou baryè lateral la. Gen soutitraj kode ki disponib. Pale ak yon manm nan ekip la si w gen kesyon sou fason pou itilize televizyon w lan.

Opsyon Entèaktiv


Si w ap chèche lòt opsyon pou divètisman, eskane kòd QR la pou w gen aksè nan magazin, trivia ak jwèt CXperks yo pandan w ap tann nan.



Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Distribitè Otomatik

Distribitè otomatik yo twouve yo nan koulwa ki nan dezyèm ak twazyèm etaj yo. Kote sa yo, ou kapab jwenn bwason ak kolasyon 24 èdtan pa jou.



DESTINASYON AK ANPLASMAN LOPITAL

ANTRE SÈVIS DIJAN POU GRANMOUN

ANTRE LJANS PEDIYATRI A

- ★ Antre Bilding nan
- 1 Enfòmasyon
- PAKIN
- P Pakin Lopital la
- P Pakin Dijans
- P Pakin Enfizyon pou Pasyan ki pa Entène
- P Pakin Bilding Medikal la

ALIMAN/RESTORASYON

- Boutik Kado
- Asansè
- Twalèt
- Distribitè Otomatik
- ATM
- Chapèl

- 1 Swen Prensipal
- 2 Sant Imajri (Suite 120)
- 3 Imajri
- 4 Sant Operasyon

- 5 Laboratwa GI
- 6 Jesyon Doule
- 7 Sèvis Dijans
- 8 Laboratwa pou Somèy
- 9 Resous Imèn

- 10 Laborasyon Pasyan ki pa Entène
- 11 Swen pou Maleng ak Sant Hyperbaric
- 12 Reyadaptasyon Kadyak ak Terapi Fizik pou Pasyan ki pa Entène

Prensipal priyorite nou se sekirite manm ekip, pasyan ak vizitè nou yo. Pou rezon sa a, yon fason pwo-aktif, Wellstar ranfòse mezi sekirite yo pou garanti pwoteksyon chak moun.

Fason pou Kontakte Sekirite a

Tanpri, avèti sèvis sekirite Wellstar a san pèdi tan, si w remake nenpòt bagay ki sispèk, tankou zam, konpòtman agresif oswa yon bagay ou pa abitye wè oswa ki sanble deplase. Ou kapab kontakte sèvis sekirite a nenpòt moman, lè w konpoze nimewo ekstansyon an apati yon telefòn sou kanpis la oswa lè w rele **(470) 644-6261**.

Sekirite Vizitè yo

Tout vizitè yo dwe anrejistre nan sèvis sekirite a lè yo montre yon pyès idantite ki gen foto, ak lè yo mete yon badj idantifikasyon panan sejou yo a.

Yo kapab itilize pyès idantite ak foto ki vin apre yo:

- Lisans chofè nan Georgia ki valid, menmsi li ekspire
- Nenpòt pyès idantite ak foto valid Eta a oswa gouvènman federal la bay
- Pyès idantite anplwaye valid ki gen foto epi nenpòt ajans nan gouvènman an bay
- Paspò Ameriken ki valid
- Pyès idantite militè Ameriken ki gen foto epi ki valid
- Pyès idantite triba ki gen foto epi ki valid

Anviwònman San Zam

Nou pa otorize zam nan okenn etablisman Wellstar. Pou pèmèt nou asire sekirite chak moun, nou byen kontwole tout pasyan ak vizitè ki ap antre nan Sèvis Dijans nou an pou yo resevwa swen, grasa yon sistèm elektwonik pou detekte zam, youn nan ajan sekirite nou yo ki kalifye ap jere.

Sekirite ak Bagay ki gen Valè

Ou kapab kontakte sèvis sekirite a nan (470) 644-6261 oswa ekstansyon 46261. Apre 9 PM, aksè nan lopital la ap disponib pa mwayen antre ki nan Sal Dijans lan.

Nou rekòmande pou w kite bagay ki gen valè ou yo lakay ou. Sepandan, nou kapab estoke bagay ki gen valè ou yo yon kote ki sekirize. Lopital la pa responsab okenn bagay ki gen valè ki pèdi, andomaje oswa kase.

Eskòt Sekirite

Si w vle gen yon eskòt sekirite anndan lopital la oswa nan machin ou, konpoze ekstansyon 46261 la nan yon telefòn sou kanpis la oswa rele (470) 644-6261.

Wellstar pran angajman pou kenbe yon anviwònman pozitif epi sekirize pou pasyan nou yo, vizitè yo ak manm pèsònèl la. Pou rive garanti anviwònman sa a pou tout moun, akò sa a ap sèvi kòm zouti pou defini atant byen presi nan domèn konpòtman apwopriye ki ankouraje yon anviwònman ki baze sou gerizon ak respè pou lòt moun.

Atant Konpòtmantal pou Konpòtman Pasyan an

- Pasyan an dwe konnen nou p ap tolere pawòl sal, konpòtman deranje oswa nenpòt konpòtman ki pa kontribiye nan pwosesis gerizon an.
- Nou atann pou pasyan yo patisipe nan swen yo ap resevwa a yon fason pou asire yon gerizon ki sekirize epi ki rapid.
- Nou atann pou pasyan yo respekte espas pèsònèl manm pèsònèl la ak lòt moun yo, toutpandan yo konnen nenpòt konpòtman fizik menasan anvè yon manm nan pèsònèl la ap lakoz ajan sekirite piblik yo fè yon entèvansyon imedyata.
- Nou atann pou pasyan yo demontre respè pou lòt moun nan pawòl yo ap di ak ton yo ap di pawòl yo, toutpandan yo konnen nenpòt konpòtman vèbal deranje oswa menasan yon pasyan genyen ap lakoz ajan sekirite piblik yo fè yon entèvansyon imedyata.
- Wellstar Health System aplike yon politik zewo tolerans anvè nenpòt itilizasyon zam, alkòl oswa dwòg nan pwopriyete a, epi anvè nenpòt entoksikasyon nan pwopriyete a, epi li ap rele fòs delòd yo, si sa nesesè.

Wellstar se yon anviwònman pou gerizon.

Nou p ap tolere okenn **konpòtman** agresif/diskriminasyon.

Aksyon sa yo oswa lefètke w refize respekte enstriksyon manm pèsònèl la konsènan yon konpòtman agresif, kapab lakoz yo mete w deyò nan etablisman sa a, ak pousuit jidisyè.

MEN KÈK EGZANP

AGRESYON FIZIK
ASÈLMAN VÈBAL
LANGAJ ABIZIF
LANGAJ DISKRIMINATWA
LANGAJ SEKSYÈL DIRIJE ANVÈ Lòt MOUN
MENAS





Nou ankouraje vizitè yo, etandone yo jwe yon wòl enpòtan nan bay sipò emosyonèl ak èd pou retablisman yon pasyan. Pou plis detay, tanpri, ale sou [Wellstar.org](https://www.wellstar.org) oswa eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon.

Men dènye direktiv pou vizitè yo*

- Demontre konsiderasyon pou lòt pasyan yo, lè w fè mwens bri posib.
- Evite vini si w gen yon rim, gòj fè mal, oswa nenpòt lòt maladi kontajye.
- Lave men w lè w ap antre ak lè w fin soti nan chanm pasyan an.
- Respekte pano prekosyon yo anvan w antre nan chanm nan. Tanpri, pale ak enfimyè a anvan w antre nan chanm nan.
- Soti nan chanm nan pandan tès oswa tretman yo, lè yo mande w sa.
- Ale nan sèvis sekirite a chak jou pou w jwenn yon kat pou vizitè.

**Direktiv yo kapab chanje.*

Ou kapab deziyen yon manm fanmi oswa yon zanmi pou sèvi w kòm sipò pandan sejour w la. Lè w mande sa, Douglas Medical Center ap fè tout efò yo kapab pou otorize vizit ki pwolonje pou moun ki ap ba w sipò yo. Sepandan, kapab gen kèk restriksyon selon eta sante w oswa selon efè sa ap genyen sou lòt pasyan yo.

DIREKTIV POU VIZIT YO



Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Vizit Apre Lè Travay

Tout vizitè ki ap antre nan Wellstar Douglas ant 9 PM a 5 AM, oswa ki prevwa rete apre 9 PM, dwe anrejistre nan kyòs jesyon vizitè a ki twouve li nan koulwa Sèvis Dijans lan. Tanpri, vini ak yon pyès idantite ofisyèl. Yon manm nan ekip Sekirite a ap enprime yon badj idantifikasyon FastPass® ki gen foto pou ou. Li obligatwa pou gen yon nouvo kat chak jou pou chak vizit apre lè nòmal yo.

Zòn Datant

Zòn datant pou vizitè yo twouve yo nan chak etaj ki rezève pou pasyan yo epi nan etaj prensipal la. Nou pa otorize solisitasyon nan etablisman Wellstar yo. Yo dwe fè sèvis sekirite a konn nenpòt solisitasyon an grasa ekstansyon 46261 oswa (470) 644-6261.

Politik Konsènan Vizit pou Minè yo

Wellstar kontan akeyi timoun pasyan yo pou vizit ant 9 AM a 7 PM.

Moman Silans

Pou ankouraje gerizon ak repo, Wellstar obsève yon seri moman silans chak jou soti 2 PM rive 4 PM epi 10 PM pou 6 AM. Yo ankouraje vizitè yo fèmen televizyon ak telefòn selilè yo.

MISYON NOU

Pou amelyore sante ak byennet chak moun nou ap sèvi.

VIZYON NOU

Bay swen sante nan nivo klas mondyal pou chak moun, toutan.

VALÈ NOU YO




Nou sèvi ak konpasyon



Nou pousuiv ekselans



Nou respekte chak opinyon



Kijan pou rete an sekirite?

Kapab vin gen enfeksyon akòz tretman oswa swen w ap resevwa a. Pale! Pa santi w wont pou w mande plis enfòmasyon konsènan swen w ap resevwa a ak metòd yo itilize pou pwoteje ou menm ak vizitè w yo kont enfeksyon.

Sipè-bakteri

Yon “sipè-bakteri” se yon ajan patojèn bakteryen, viral oswa fonjik ki kapab reziste ak tretman abityèl yo. Lè sipè-bakteri yo lakoz enfeksyon, gen posibilite pou enfeksyon yo dire plis tan epi pou yo lakoz konplikasyon ki grav. Pami “sipè-bakteri” yo plis konnen yo, gen MRSA, ESBL, VRE ak CRE. Sipè-bakteri yo kapab transmèt soti moun ak moun pa mwayen kontak men oswa objè ki kontamine yo. Pi bon fason pou w anpeche jèm yo pwopaje se lè w adopte yon bon ijyèn pou lave men. Sonje pou w byen lave men w epi fè sa souvan. Pandan sejou w la, avèk jantiyès, fè vizitè yo ak manm pèsònèl swen sante yo sonje pou yo lave men yo ak dezenfektan abaz alkòl pou men, oswa avèk savon, ki deja disponib pou yo.

Potansyèl Enfeksyon Lopital

Kalite	Fason sa Kòmanse	Sentòm	Prevansyon
Enfeksyon nan kanal pou pipi ki lye ak katetè (Urinary Tract Infections, UTI)	Jèm yo antre nan kanal pou w pipi a lè w gen yon tib (katetè) pou drene pipi a.	• Lafyè • Brile • Doule • San nan pipi oswa pipi souvan	• Lave men w anvan w touche zòn nan. • Kenbe pòch pipi w la anba nivo vesi w pou evite li retounen. • Pa rale, vire, tòde, oswa pliye tib la. • Fikse katetè a nan janm ou epi chak jou, mande si li toujou nesèsè.
Enfeksyon kote yo fè operasyon an	Jèm yo afekte kote yo te fè operasyon w lan—kit se sou po w oswa anndan kò w.	• Mak wouj • Doule • Drenaj yon likid twoub • Lafyè	• Pa raze kote yo fè operasyon an (iritasyon ogmante risk enfeksyon). • Lave men w anvan w touche zòn nan. • Pa kite vizitè yo touche oswa panse blesi w la. • Mande enfimyè w la montre w kijan pou w pran swen blesi w la.
Enfeksyon nan sikilasyon san ki asosye ak liy santral	Jèm yo antre nan sikilasyon san w pa mwayen yon gwo tib ki antre nan yon venn toupri kou w, pwatrin oswa lenn ou.	• Po wouj ak doule kote yo fè operasyon an • Lafyè • Frison	• Lave men w anvan w touche zòn nan. • Asire w manm pèsònèl la mete gan, blouz, bone, mask ak yon chan esteril lè li ap jere tib la. • Pale si pansman w lan detache, sanble imid oswa sal, oswa si po w sanble ap pike w. • Evite touche tib la oswa evite kite vizitè yo touche li. • Mande pou yo retire tib la kou sa posib.
Nemoni ki asosye ak vantilasyon	Jèm yo antre nan poumon w pa mwayen yon tib ki nan bouch ou, nen w oswa kou w, yo itilize pou ede w respire.	• Tous • Flèm • Lafyè • Frison • Souf kout	• Lave men w anvan w touche zòn nan. • Mande si li sekirize pou w leve tèt kabann ou an. • Konnen konbyen fwa anndan bouch ou dwe netwaye, epi fè konn sa lè sa pa fèt. • Mande pou yo retire tib la kou sa posib.

Kesyon Enpòtan pou Poze Doktè w la

Ki bagay prensipal ki lakoz sentòm mwen yo? Ki enfòmasyon doktè yo genyen konsènan sa ki lakoz li a?

Ki tretman ki disponib pou mwen? Ki objektif plan tretman mwen an?

Ki potansyèl risk ki asosye ak tretman an, epi risk ki genyen si mwen pa suiv tretman an?

Konbye tan mwen dwe atann pou m rete entènè?

Ki medikaman yo ap ban mwen pou trete maladi mwen an? Kilè m kapab atann pou m kòmanse santi m byen?

Ki efè segondè mwen kapab devlope?

Aprè w fin kite lopital la, ak ki moun mwen dwe fè suivi a epi kilè?

Èske m kapab mande yon manm fanmi pou koute sa yo ap di m lan nan telefòn?

Lopital se yon kote ou vini pou santi w byen, men tou, ou kapab ekspozè ak kontak yon seri jèm ki kapab fè w santi w pi mal. Diminye posibilite pou w pran enfeksyon lè w pran mezi sekirite sa yo.

1. Lave men w.

- Apre w fin touche objè oswa sifas nan lopital la
- Anvan w manje
- Apre w fin itilize twalèt la

2. Mande manm pèsònèl lopital la pou yo lave men yo.

Sa dwe se yon pratik estanda, men, pa pè pou fè yo sonje sa si yo bliye, oswa pa ezite mande yo mete gan lè yo ap touche w. Mande vizitè yo lave men yo tou!

3. Kouvri si w malad.

Si w gen yon enfeksyon, limite pwopagasyon jèm nan lè estènè epi touse nan mouchwa w ap jete san pèdi tan, epi evite touche lòt moun. Mande manm pèsònèl la si gen nenpòt lòt bagay ou dwe fè—tankou mete yon mask chirijikal—pou evite gaye jèm yo.

4. Siveye bandaj oswa pansman yo.

Si pansman ki sou yon blesi oswa ki sou IV a vin detache oswa mouye, fè enfimye w la konn sa. Epitou, si w gen yon katetè oswa yon tib pou drenaj, fè enfimye w la konnen si li desere oswa deplase.

5. Kenbe vaksinasyon w yo ajou.

Asire w ou pwoteje otank posib kont pwopagasyon enfeksyon. Pale ak manm pèsònèl lopital la pou konnen si w kapab resevwa nenpòt vaksen ou kapab bezwen, an sekirite.



Konsèy pou Netwayaj:

Itilize savon ak dlo oswa dezenfektan abaz alkòl pou men, anba zong ou, nan mitan dwèt ou yo, epi nan pla men w ak do men w. Fwote men w pandan 20 segonn (tan ki nesèsè pou w chante “Jwaye Anivèsè” de (2) fwa).

Pou Vizitè yo: Di zanmi ak fanmi w pou yo pa vin vizite w si yo malad. Asire w tout envite w yo lave men yo lè yo ap antre nan chanm ou.

Angajman pou nou Bay Swen

Kijan sejou w la ap pase? Èske w ap resevwa swen w bezwen an? Èske doktè oswa enfimye w yo koute epi reponn kesyon oswa demann ou yo? Objektif nou se bay pi bon kalite swen ki genyen an. Pou fè sa, nou chèche jwenn pwennvi pasyan tankou w yo.

Pandan Sejou w la

Tanpri, pale ak enfimye w la oswa sipèvizè swen enfimye a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan swen w yo. So pwoblèm ou an toujou pa rezoud, donk, kontakte Patient Experience nan (470) 644-6174 oswa voye imèl nan DHPatientExperience@wellstar.org

Epitou, ou gen dwa pou depoze plent ou an bay swa:

Department of Community Health

2 Martin Luther King Jr Dr. SE, East Tower
Atlanta, GA 30334
(404) 656-4507

Biwo pou Kalite ak Sekirite Pasyan Komisyon Miks la

Office of Quality and Patient Safety
The Joint Commission
One Renaissance Blvd.
Oakbrook Terrace, Illinois 60181
Faks: (630) 792-5636
Ale sou jointcommission.org, epi klike sou "Report a Patient Safety Event" (Rapòte yon Ensidan ki Lye ak Sekirite Pasyan yo).

Medicare ak Medicaid

Pou depoze yon plent nan Medicare:

Ale sou medicare.gov epi klike sou onglè Claims & Appeals (Reklamasyon ak Apèl yo) pou plis enfòmasyon.

Pou depoze yon plent nan Medicaid:

Kontakte depatman Sèvis Kliyantèl Depatman Sante Kominotè nan Georgia a nan (404) 657-5726 oswa 5728.

Èske w vle konn kijan nou fè evalyasyon yo?

Ou kapab egzamine epi konpare nòt yo bay diferan lopital pou kesyon kalite, swen ak sekirite sou Medicare Hospital Compare, ki itilize rezilta HCAHPS yo ansanm ak lòt done: medicare.gov/hospitalcompare/search.

Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon sou lopital yo pa mwayen òganizasyon akreditasyon sa yo:

- Healthcare Facilities Accreditation Program (HFAP): hfap.org
- DNV GL Healthcare: dnvglhealthcare.com
- The Joint Commission: qualitycheck.org

Dwa ak Responsablite Pasyan yo

Wellstar Health System pran angajman pou bay chak pasyan swen medikal bon kalite, an konfòmite ak deklarasyon kont diskriminasyon Wellstar a. Nou soutni dwa w genyen pou jwenn enfòmasyon sou eta sante w ak dwa w genyen pou patisipe nan desizyon ki afekte byennèt ou.

Antanke yon pasyan, oswa lè sa apwopriye, reprezantan pasyan an ki gen otorizasyon selon lalwa, gen dwa ki vin apre yo:

Respè ak Diyite

- Pou yo trete w ak diyite epi pou w resevwa swen atansyon ki respekte kwayans pèsònèl ak valè kiltirèl epi esprityèl ou, an konfòmite ak misyon, vizyon epi valè Wellstar Health System lan;
- Pou yo mete fanmi w oswa moun ou chwazi pou soutni w yo ak doktè ki ap trete w la okouran konsènan admisyon w nan lopital la;
- Pou bay konsantman pou w resevwa vizitè w vle, sou rezèv nenpòt restriksyon klinik, tankou konjwen, patnè nan kay (san wete patnè nan kay ki gen menm sèks), manm fanmi oswa zanmi, epi retire oswa refize konsantman sa a nenpòt lè;
- Pou ajoute oswa retire nenpòt oswa tout manm fanmi oswa moun ki ap soutni nan desizyon ki gen rapò ak swen w yo;
- Pou yo kenbe dosye ki gen rapò ak swen w yo konfidansyèl, sof si lalwa otorize divilgasyon an.

Enfòmasyon

- Pou w jwenn enfòmasyon konsènan nati maladi w la ak opsyon pou tretman yo, san wete potansyèl risk yo, avantaj yo, ak altènatif epi rezilta yo, nan tèms ou kapab konprann;
- Pou konn non doktè swen prensipal ou a ak lòt pratisyen ki ap ba w swen yo;
- Pou yo pale avèk ou konsènan nenpòt restriksyon nan domèn kominikasyon;
- Pou w gen aksè nan dosye medikal ou nan yon delè ki rezonab, epi pou w jwenn eksplikasyon sou yo, sof si lalwa met restriksyon sou sa;
- Pou konnen Wellstar Health System se yon òganizasyon ansèyman ki ap patisipe nan rechèch;
- Pou jwenn enfòmasyon epi bay oswa refize bay konsantman w si etablisman nou an pwopoze pou li patisipe nan oswa fè rechèch ki lye ak swen oswa tretman w lan;
- Pou jwenn yon eksplikasyon konplè sou fakti ki lye ak sèvis swen sante w yo;
- Pou resevwa enfòmasyon konsènan rezilta swen, tretman ak sèvis ki nesesè yo (san wete rezilta yon pa t prevwa pou swen, tretman ak sèvis yo).

Patisipasyon

- Pou mande epi resevwa tretman ak sèvis medikal ki apwopriye, selon kapasite ak mwayen Sant Medikal nou an;
- Pou w patisipe nan desizyon konsènan swen medikal ak plan tretman w lan, san wete dwa pou w refize tretman an;
- Pou patisipe nan devlope ak mete plan swen medikal ak tretman w lan sou pye;
- Pou jwenn yon entèprèt, si sa nesesè, pou w konprann tout kominikasyon ki enpòtan yo;
- Pou bay enstriksyon alavans epi pou asire w yo suiv yo;
- Pou jwenn konsèy pastoral.

Swen Sekirize

- Pou atann w ap kontinye jwenn swen yon fason rezonab, lè sa apwopriye, epi pou yo fè w konnen opsyon swen pasyan ki disponib epi ki reyalis lè swen yo bay nan etablisman nou an pa apwopriye ankò;
- Pou jwenn swen medikal san patipri, epi san distenksyon ras, koulè, sèks, orijin nasyonal, andikap, laj, relijyon, eta sivil, sitwayènte, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl ak/oswa lòt klasman lalwa pwoteje;
- Pou resevwa swen nan yon anviwònman sekirize toutpandan yo ap prezève vi prive w;
- Pou w pwoteje kont tout fòm abi oswa asèlman;
- Pou w pwoteje kont nenpòt fòm kontrent oswa izòlman yo itilize kòm mwayen pou manm pèsònèl la fè presyon, bay disiplin, jere bagay yo oswa fè reprezay;
- Pou w gen aksè nan sèvis pwoteksyon nan Eta a ak nan kominote a;
- Pou w jwenn yon evalyasyon ki apwopriye epi pou yo jere sentòm ou yo, san wete doulè w yo;
- Pou w fè konn nenpòt enkyetid oswa doleyans aloral oswa alekri san w pa pè reprezay.

Antanke yon pasyan, oswa reprezantan pasyan an ki gen otorizasyon selon lalwa, ou menm epi/oswa moun ou deziyen an gen responsabilite

- Pou bay enfòmasyon ki egzak konsènan eta sante aktyèl ou ak antesedan medikal pase w, san wete medikaman yo;
- Pou poze kesyon lè w pa konprann enfòmasyon oswa enstriksyon yo;
- Pou patisipe otank posib nan desizyon konsènan tretman medikal ou yo epi pou devlope plan swen ou menm ak moun ki ap ba w swen an te antann nou sou li a;
- Pou demontre respè ak konsiderasyon pou lòt moun; nou pa tolere menas, jouman vèbal, vyolans oswa agresyon anvè lòt moun;
- Pou respekte politik ak pwosedi etablisman an, san wete sa ki gen rapò ak sekirite pasyan yo;
- Pou respekte byen etablisman an ak byen lòt pasyan ak moun ki ap bay swen yo;
- Pou aksepte obligasyon finansye ki lye ak swen w yo, epi pou mande yon èd finansye si sa nesesè;
- Pou montre w rezonab nan swen medikal ak lòt sèvis w ap mande yo.

Mèsi paske w chwazi Wellstar. Si w gen bezwen espesyal, kesyon, enkyetid konsènan sekirite oswa plent konsènan swen w ap resevwa pandan vizit ou a, tanpri, pale ak doktè w la oswa sipèvizè swen enfimyè a. Si w santi pwoblèm ou an pa rezoud, tanpri, kontakte Patient Experience nan (470) 644-7125.

Wellstar ap fè efò pou trete pasyan nou yo avèk ekite epi atansyon, lè yo rekonèt bezwen yo ak lè yo konble bezwen sa yo nan mezi sa posib. Pou enkyetid konsènan dwa sou vi prive pasyan yo, rele Biwo Responsab Konfidansyalite a nan (470) 644-0444.

Department of Community Health

2 Martin Luther King Jr Dr. SE, East Tower
Atlanta, GA 30334
(404) 656-4507

The Joint Commission

Mail to: Office of Quality and Patient Safety
The Joint Commission
One Renaissance Blvd
Oakbrook Terrace, IL 60181

Konprann Fakti w la

Sa w Dwe Konnen

Fakti w la reflete tout sèvis ou te resevwa pandan sejou w la. Frè yo divize an de (2) kategori: yon tarif debaz chak jou, ki gen ladan chanm ou an, repa w yo, swen enfimye yo, sèvis menaj la, telefòn ak televizyon an, epi frè pou sèvis espesyal yo, ki gen ladan eleman doktè w la preskri w yo, tankou radyografi yo, analiz laboratwa ak sèvis chirijikal yo. Ou dwe peye pèman yon balans yo estime ki ap sot nan pòch ou nan moman yo ba w sèvis Wellstar yo. Si w se yon pasyan ki pa entène/ki an obsèvasyon, tanpri, byen egzamine avantaj Medicare ou yo epi note si yo diferan ak avantaj pou pasyan ki entène yo. Si w gen kesyon, tanpri, rele ekstansyon 23724 epi yon reprezantan sèvis akèy pasyan yo ap ede w.

Si w Gen Asirans Sante

Nou ap bezwen yon kopi nan kat idantifikasyon asirans ou an. Epitou, nou kapab bezwen fòm asirans lan, enstitisyon travay ou a oswa konpayi asirans lan te ba w la.

Si w se Manm yon Plan HMO oswa PPO

Plan w lan kapab gen kèk egzijans espesyal, tankou yon dezyèm avi chirijikal oswa pre-sètifikasyon pou sèten tès oswa pwosedi. Ou konplètman responsab pou asire w yo te respekte egzijans plan asirans ou an genyen yo. Nan ka kontrè, ou kapab gen responsabilite finansye pou peye tout oswa yon gwo pati nan

frè ki lye ak sèvis lopital ou resevwa yo. Gen kèk doktè espesyalis ki kapab pa patisipe nan plan swen sante w la, epi sèvis yo bay yo kapab pa gen kouvèti. Epitou, se pasyan an ki responsab pou peye franchiz ak kopèman yo.

Si w gen Kouvèti nan Medicaid

Nou ap bezwen yon kopi nan kat Medicaid ou a. Epitou, Medicaid gen limit sou pèman yo pou yon kantite sèvis ak atik. Medicaid pa peye frè pou yon chanm prive, sof si li nesesè pou rezon medikal.

Si w Pa Gen Okenn Kouvèti Asirans

Si w pa kapab prezante okenn prèv konsènan kouvèti asirans swen sante w, lè sa a, w ap gen responsabilite finansye pou peye tout frè ki te angaje pandan sejou w la. Yon reprezantan nan Depatman Sèvis Aksè pou Pasyan yo ap ede w etabli yon seri dispozisyon finansye ki apwopriye. Nan kèk ka, sou baz enfòmasyon yo bay yo, pasyan yo kapab mande lòt kalite pwogram èd finansye.

Sèvis Pwofesyonèl

Si w te fè kèk tès oswa tretman nan lopital la, ou kapab resevwa fakti nan men yon seri doktè ou pa t menm wè an pèsòn. Fakti sa yo se pou sèvis pwofesyonèl doktè ki ap trete w la te preskri, epi doktè sa yo te bay sèvis yo nan kad dyagnostik ak entèpretasyon rezilta tès pandan w te yon pasyan. Se yon seri Patolojis, radyològ, kadyològ, anestezi ak lòt espesyal ki te rann sèvis sa yo, epi yo gen obligasyon pou yo soumèt fakti ki separe. Doktè sa yo kapab pa founisè ki ap patisipe nan plan asirans ou an. Se responsabilite pa w pou w chèche jwenn enfòmasyon konsènan ki doktè ki kapab oswa kapab pa patisipe. Si w gen kesyon konsènan fakti sa yo, tanpri, rele nimewo ki ekri sou relve ou te resevwa a.

Depatman Faktirasyon Wellstar

Tanpri, rele nou nan (470) 245-9998, voye mesaj ban nou pa mwayen MyChart oswa voye imèl ban nou nan online.account@wellstar.org konsènan:

- Pèman balans ou an
- Fikse plan pèman
- Kesyon fakti yo

Peye Anliy:

wellstar.org/for-patients/pay-your-bill

Pou Dosye Medikal yo, rele (770) 810-8880.

Sejou w nan Lopital la

Sejou w nan Lopital la

Aprè egzèyat la, ou kapab resevwa yon sondaj nan kourye lapòs oswa imèl. Tanpri, pran yon ti moman pou ranpli sondaj la, yon fason pou nou kapab kontinye fè amelyorasyon. Objektif nou se depase atant ou yo epi bay tout pasyan nou yo swen ki eksepsyonèl.

Chanm ou an

Yon manm nan pèsònèl la ap prezante w ekipman ki disponib nan chanm ou an, sitou telefòn nan, televizyon an, sistèm apèl la, kontwòl kabann yo ak tablo enfòmasyon byen presi pou pasyan an. Chak kabann gen yon nimewo telefòn ki dedye, yon fason pou fanmi ak zanmi w yo kontakte w dirèkteman. Pou apèl lokal andeyò lopital la, konpoze “9” apresa mete nimewo ki gen 10 chif la. Pou rele sèvis lopital oswa manm pèsònèl ki ekri sou tablo w la, annik konpoze ekstansyon ki gen senk chif la.

Rele pou Jwenn Èd

Ou kapab mande èd byen fasil lè w itilize bouton apèl ki twouve yo anba baryè kabann ou an, telekòmand ki sou mi an, oswa kòdon apèl dijans ki nan saldeben an. Yon kowòdonatè nan inite sante a ap transmèt bezwen w yo epi li ap òganize èd yo. Nimewo telefòn ekstansyon enfimiyè w la twouve li sou tablo kominikasyon ki toupre kabann ou an.

Atik Pèsònèl ak Bagay ki gen Valè

Pou atik twalèt oswa bezwen ki lye ak ijyèn pèsònèl, tanpri, mande enfimiyè w la èd. Nou bay atik ki esansyèl yo tankou bwòs dan, lenjèt pou benyen, sèvyèt, dra, chemiz lopital ak chosèt antiderapan. Nou rekòmande pou w kite bagay ki gen valè yo lakay ou, tankou gwo kantite lajan, kle, bijou, dokiman pèsònèl ak kat kredi yo. Si sa nesesè, ou kapab mande Sèvis Sekirite a estoke atik sa yo yon kote ki sekirize.

Pou kenbe atik pèsònèl yo sekirize:

- Ranje linèt ak aparèy oditif yo nan bwat yo nan tiwa anlè nan ti tab ki bò kabann nan, oswa yon kote ki sekirize lè w p ap itilize yo.
- Konsève pwotèz dantè yo nan yon gode pou pwotèz dantè nan tiwa anlè nan ti tab ki bò kabann nan, oswa yon kote ki sekirize, lwen plato repa oswa dra kabann ou an.
- Ranje rad ou yo nan amwa chanm ou an, nan ti tab ki bò kabann nan, oswa nan valiz ou.
- Kenbe telefòn, tablèt, ak chajè yo yon kote ki sekirize lè w p ap itilize yo.

Wellstar Douglas Medical Center pa responsab pou okenn pèt oswa vòl objè pandan sejou w nan lopital la.

Sèvis Antretyen Menajè

Sèvis Anviwònmantral la bay sèvis antretyen menajè toupato nan etablisman an. Manm pèsònèl enfimiyè a kapab bay dra, sèvyèt ak atik twalèt anplis, sou demann. Si chanm ou an bezwen yon atansyon patikilye oswa si li nesesè pou yo fè yon netwayaj sanzatann, gen sèvis ki disponib 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn, lè w rele 470-245-3119 epi w mete enfimiyè w la okouran. Yo ap netwaye chanm ou an ak saldeben an chak jou pandan sejou w la.

Vizit Enfimiyè ak Rapò Bò Kabann Pasyan an

Enfimiyè yo vizite pasyan yo regilyèman pou evalye eta sante yo. Nan fen chak moman travay, enfimiyè yo fè kòlèg ki ap vin pran larelev la jwenn enfòmasyon enpòtan konsènan swen pou bay pasyan an ak eta sante pasyan an, epi yo kapab fè lòt manm nan ekip swen sante a jwenn enfòmasyon sa yo tou. Yo fè rapò sa yo bò kabann pasyan an. Nou ankouraje w patisipe epi nou rekòmande pou w gen yon manm fanmi w, zanmi oswa defansè swen sante ki prezan pandan rapò a, sitou si yo ap bay èd pou pran swen w apre w fin resevwa egzèyat. Pou respektè vi prive w, enfimiyè yo ap mande lòt moun ki prezan yo kite chanm nan anvan yo pale sou eta sante w.

Swen ki Santre sou Pasyan an ak Fanmi li

Nou respektè filozofi swen ki santre sou pasyan an ak fanmi li an, lè nou met aksan sou diyiti, respè, pataj enfòmasyon, patisipasyon nan pran desizyon, ak kolaborasyon avèk pasyan yo ak fanmi yo. Nou ankouraje tout pasyan yo ak moun ki pwòch yo, pou yo enplike nan swen sante yo, yon fason ki aktif. Tanpri, pa ezite fè konnen enkyetid oswa kesyon w kapab genyen yo.

Travay nan Laboratwa


Pandan sejou w nan lopital la, doktè w la kapab mande yo fè analiz san chak jou, pou siveye eta sante w. Pou nou garanti yon seri rezilta rapid pou vizit doktè w la, manm pèsònèl laboratwa nou yo ap preleve san byen bonè nan maten. Yo ap akselere tès yo yon fason pou pèmèt yon dyagnostik rapid epi pou yo pran desizyon terapetik. Gen kèk tès yo kapab oblije fè an seri oswa nan kèk moman byen presi nan jounen an, pou garanti yon suivi san rete epi pou pran desizyon sou tretman. Yo byen siveye tout tès yo, yon fason pou gen asirans rezilta yo presi epi yo fyab, sa ki ap kontribiye nan ofri w pi bon swen ki posib la.

Jesyon Doulè

Ekip swen w la priyorize konfò ak byennèt ou, toutpandan yo konprann doulè a varye pou chak moun. Nan kad plan pèsonalize pou jesyon doulè w la, nou ap mande w dekri doulè w la ansanm ak nivo entansite li. Ou kapab evalye doulè w la sou yon echèl “0 a 10” oswa chwazi yon ekspresyon ki korespondan sou yon echèl doulè.

ECHÈL POU EVALYASYON DOULÈ

Chwazi yon chif soti nan 0 rive nan 10 ki pi byen dekri doulè w la.



Ekip Doktè

Pandan w entène lopital la, gen plizyè doktè ki kapab enplike nan swen w lan. Doktè lopital la se doktè prensipal ki ap sipèvizè pandan w entène lopital la, sitou pou kesyon bay òdonans pou egzeyat epi preskri medikaman. Planifikasyon pwosesis egzeyat pou w al lakay ou an sekirite oswa pou ale nan yon lòt etablisman swen, ap kòmanse kou w entène lopital la. Gen kèk faktè tankou eta sante w, sitiyasyon fanmi w, sistèm sipò w yo ak kouvèti asirans ou an, ki ap gen enfliyans sou plan swen apre w fin kite lopital la. Anba direksyon doktè w la, ekip swen sante miltidisiplinè w la ap rekòmande w nivo swen ansanm ak sèvis w ap bezwen yo. Responsab ka yo ap ede ou menm ak fanmi w devlope plan egzeyat ki pi adapte epi ki pi sekirize a, sou baz bezwen endividyèl ou yo. Doktè ki ap trete w la ap finalize òdonans egzeyat la, li ap ba w enstriksyon anplis, epi li ap preskri w tout medikaman ki nesèsè yo. Reyalizasyon sèten sèvis kapab gen efè sou moman egzeyat ou a. Nou apresye pasyans ou demontre pandan pwosesis sa a.

Evite Tonbe

Pasyan ki gen tout laj ap fè fas ak risk potansyèl pou yo sot tonbe pandan sejou yo nan lopital la akòz anviwònman yo pa abitye, maladi grav, operasyon, kabann ak medikaman. Enfimyè w la ap pale avèk ou konsènan medikaman ki kapab ogmante risk pou w tonbe yo. Direktiv sa yo ap ede w asire sekirite w:

- Ankouraje manm fanmi w oswa moun ki ap soutni w yo pou yo rete avèk ou otank posib.
- Kite bagay ki esansyèl yo, san wete sonèt pou rele enfimyè a, sou lamen.
- Chanje pozisyon tou dousman epi ak prekosyon, pou pèmèt kò w adapte li.
- Mande èd anvan w desann kabann nan pou w ale nan twalèt oswa pou w itilize komod kabann nan.
- Mete chosèt oswa pantouf antiderapan (ou kapab jwenn nan men enfimyè w la).

Alam

Ekipman medikal yo gen yon seri alam ki pèmèt yo siveye eta sante w depre epi ki pèmèt yo fè yon tretman optimal pi fasil. Tanpri, pa eseye dezaktive alam yo oswa modifye reglaj ekipman an. Si yon alam sonnen, itilize bouton apèl ou a pou w fè enfimyè a konn sa, oswa kontakte sèvis enfimyè a san pèdi tan.

Aparèy Elektwonik

Ou kapab itilize telefòn selilè nan chanm ou an epi toupatou nan lopital la. Tanpri note sa, nan kèk zòn, resepsyon selilè a kapab limite akòz gen ekipman medikal. Kenbe telefòn selilè w la sou ou oswa mete li nan ti tab ki bò kabann ou an. Wellstar Douglas Medical Center pa responsab pou okenn pèt oswa vòl objè pandan sejou w la. Gen Sèvis Wi-Fi San Fil ki disponib pou pasyan ak vizitè yo. Pou w gen aksè nan rezò san fil la apati aparèy mobil ou a, chwazi WHS_Guest Wi-Fi.

Wè yon Bagay, Di yon Bagay

Nou ankouraje pasyan nou yo pou yo pale. Rechèch ki fèt yo montre pasyan ki patisipe nan desizyon sou swen sante yo gen plis chans pou yo geri pi vit. Joint Commission an, ki bay sèvis akreditasyon pou lopital yo, esponsò pwogram Wè yon Bagay, Di yon Bagay la (See Something Say Something), pou ede pasyan yo jwenn plis enfòmasyon sou swen yo.

S: Pale (Speak up) si w gen kesyon oswa enkyetid. Si w toujou pa konprann, mande toujou. Se kò w, epi w gen dwa pou w konnen. Pa ezite pale epi mande nenpòt moun ki ap antre nan chanm ou an pou li lave men li si w pa t wè li ap fè sa.

P: Fè atansyon (Pay attention) ak swen w ap resevwa a. Toujou gen asiran w ap resevwa tretman ak medikaman ki apwopriye yo nan men bon pwofesyonèl swen sante yo. Pa sipoze anyen.

E: Edike (Educate) tèt ou konsènan maladi w la. Chèche enfòmasyon sou tès medikal w ap resevwa yo epi sou plan tretman w lan.

A: Mande (Ask) yon manm fanmi oswa yon zanmi ou fè konfyans pou vin defansè w (konseye oswa patizan).

K: Konnen (Know) ki medikaman w ap pran epi poukisa w ap pran yo. Erè medikaman se erè ki rive pi souvan nan zafè swen sante.

U: Itilize (Use) yon lopital, klinik, sant chirijikal oswa lòt kalite etablisman swen sante kote se yon seri òganizasyon ekstèn ki byen kontwole kalite swen yo ap bay yo.

P: Patisipe (Participate) nan tout desizyon sou tretman w lan. Ou se moun ki pi enpòtan nan ekip swen sante a.

Vi Prive w Enpòtan

Ou gen dwa pou konfidansyalite selon yon lwa federal ki pwoteje enfòmasyon sante w yo. Lwa sa a fikse yon seri règ ak limit konsènan ki moun ki kapab konsilte epi resevwa enfòmasyon sou sante w yo. Dwa sa yo enpòtan pou w konnen.

Kiyès ki dwe suiv lwa sa a?

Pifò doktè, enfimyè, famasi, lopital, klinik, mezon retrèt ak anpil lòt klinisyen ansanm ak founisè yo

Konpayi asirans sante yo, HMO yo ak pifò plan sante an gwoup enstitisyon travay yo pwopoze

Gen kèk pwogram gouvènmantal ki peye pou swen sante yo, tankou Medicare ak Medicaid

Ki enfòmasyon ki pwoteje?

Enfòmasyon doktè w, enfimyè w ak lòt klinisyen yo mete nan dosye medikal ou yo

Konvèsasyon doktè w te genyen ak enfimyè ansanm ak lòt moun konsènan swen ouwa tretman w lan

Enfòmasyon konsènan ou menm ki nan sistèm enfòmasyon konpayi asirans sante w la.

Enfòmasyon sou fakti konsènan ou menm nan klinik ou a

Pifò lòt enfòmasyon sou sante w, ki nan men moun ki dwe respekte lwa sa a

Ki dwa w genyen sou enfòmasyon sou sante w yo?

Klinisyen yo ak konpayi asirans sante yo dwe respekte dwa w genyen pou:

Mande epi jwenn yon kopi nan dosye sante w la

Mande pou yo ajoute koreksyon nan enfòmasyon sou sante w yo

Resevwa yon avi ki fè w konnen kijan yo kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo

Deside si w vle bay pèmasyon anvan yo kapab itilize ouwa pataje enfòmasyon sou sante w yo pou sèten objektif, tankou pou kesyon maketing

Jwenn yon rapò konsènan kilè ak poukisa yo te pataje enfòmasyon sou sante w yo pou sèten objektif

Depoze yon plent

Pou plis enfòmasyon, kontakte Kowòdinasyon Swen an nan (470) 644-6793.

Ki règ ak limit ki genyen konsènan ki moun ki kapab konsilte epi resevwa enfòmasyon sou sante w yo?

Pou gen asirans enfòmasyon sou sante w yo pwoteje yon fason ki pa entèfere ak swen sante w yo, nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon w yo:

Pou tretman ak kowòdinasyon swen w.

Pou peye doktè ak lopital yo pou swen sante w yo epi ede yo jere biznis yo.

Bay fanmi w, pwòch ou, zanmi w ouwa lòt moun ou idantifye kòm moun ki enplike nan swen sante w yo ouwa fakti swen sante w yo, sof si w opoze ak sa.

Pou gen asirans doktè yo bay bon swen epi mezon retrèt yo pwòp epi sekirize.

Pou pwoteje sante piblik la, tankou lè nou rapòte prezans grip nan zòn ou an.

Pou fè rapò ki obligatwa bay lapolis, tankou rapòte blesi akòz zam.

San pèmasyon w alekri, ekip swen w lan pa kapab:

Bay enstitisyon travay ou a enfòmasyon sou sante w.

Itilize ouwa pataje enfòmasyon sou sante w yo pou objektif maketing ouwa piblisite.

Pataje lòt prive konsènan seyan konsiltasyon sante mantal ou yo.

Enfòmasyon sou sante w

Si w kwè nou te pataje enfòmasyon sou sante w yo yon fason ki pa apwopriye, kontakte Liy Èd Wellstar Privacy/Security a nan (470) 644-0444.

Dwa pou pote plent

Si w panse yo te refize respekte dwa w yo ouwa enfòmasyon sou sante w yo pa t pwoteje, ou kapab depoze yon plent bay klinisyen w lan, konpayi asirans ou an, ouwa gouvènman Ameriken an nan ocrportal.hhs.gov/ocr.

Enstriksyon Alavans

Youn nan desizyon ki pi enpòtan ou kapab pran konsènan swen sante w yo se ranpli yon enstriksyon alavans. Enstriksyon alavans yo se yon seri dokiman jiridik ki pèmèt fanmi w ak ekip swen w lan konnen sa w vle konsènan kalite swen ou vle resevwa a, sitou nan fen lavi w. Enstriksyon alavans yo ap antre an vigè lè w pa kapab pale pou tèt ou.

Enstriksyon Alavans pou Swen Sante nan Georgia

Enstriksyon Alavans pou Swen Sante nan Georgia a se yon dokiman ki gen de (2) pati: testaman lavi a ak pwokirasyon pou swen sante a.

Seksyon konsènan testaman lavi a met aksan sou preferans ou genyen konsènan tretman medikal ou vle oswa ou pa vle resevwa nan fen lavi w. Ladan, kapab gen sa w swete konsènan CPR (si kè w sispann bat), respirasyon atifisyèl (si w sispann respire), epi/oswa alimantasyon ak idratasyon atifisyèl (sa pou yo fè si w pa kapab manje oswa bwè nan bouch).

Seksyon pwokirasyon swen sante a pèmèt ou deziyen yon moun pou aji kòm ajan swen sante w (Healthcare Agent, HCA). Moun sa a dwe konnen sa w swete nan kesyon swen sante epi li se moun ou chwazi pou pran desizyon medikal nan non w, si w pa kapab fè sa. Li enpòtan pou w chwazi yon moun ou fè konfyans, kit se yon manm fanmi w oswa yon zanmi pwòch ou.

Ranpli Fòm ou yo

Vini ak yon kopi nan enstriksyon alavans ou an nan jou pwosedi w la, yon fason pou yo ajoute enfòmasyon ak sa w vle ki pi resan yo nan dosye w la. Ou pa bezwen yon avoka pou w ranpli fòm sa a. Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn yon gid ak dokiman konsènan planifikasyon Enstriksyon Alavans pou Swen Sante nan Georgia a, tanpri, pale ak nenpòt moun nan ekip swen sante w la.

Resous

Ou kapab jwenn yon kopi nan Enstriksyon Alavans Georgia pou Swen Sante ak lòt resous ki itil yo nan www.wellstar.org/advancecareplanning.

Si w vle rankontre yon fasilite ki kalifye nan planifikasyon alavans pou swen, oswa si w gen kesyon, tanpri rele (470) 956-5812 oswa voye imèl bay acp@wellstar.org.

PLANIFIKASYON SWEN ALAVANS



Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Vin yon Volontè nan Wellstar



Volontè nan Wellstar

Volontè nan Wellstar yo se manm ki gen anpil valè nan ekip swen Wellstar a. Yo bay tan yo ak jenewozite epi yo mete talan yo an sèvis pou moun ak kominote nou ap sèvi yo. Kòm opòtinite pou fè volontè, gen sèvis akèy, oryantasyon, vizite pasyan yo, travay administratif yo, transpò/egzeyat, travay nan boutik kado ak plis toujou.

Pou aprann plis oswa pou antre nan ekip volontè nou an, ale sou www.wellstar.org/community/volunteer/douglas-hospital.

VOLONTÈ



Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Pwogram Konsiltatif PeopleCare la (PeopleCare Advisory Program, PCAP)

Nan Pwogram Konsiltatif PeopleCare nou an gen pasyan yo, manm fanmi yo ak responsab lopital yo ki pran angajman pou jwenn mwayen pou amelyore eksperyans pasyan yo ak fanmi yo nan Wellstar Douglas.

Pou aprann plis sou Pwogram Konsiltatif PeopleCare nou an, ale nan biwo volontè nou an nan Wellstar Douglas oswa voye imèl ban nou nan DHPatientExperience@wellstar.org.

Èd Swayan **Klas Mondyal**



Di “**Mèsi**” kapab gen yon gwo enpak.

Si w gen rekonesans pou swen ou menm oswa moun ki pwòch ou resevwa a, ou kapab onore yon manm nan ekip Wellstar a, yon doktè, enfimiyè, manm pèsònèl sèvis anviwònman la oswa nenpòt moun ou gen rekonesans anvi li nan Wellstar, lè w ofri li yon kado ki rekonèt li kòm yon **Èd Swayan Klas Mondyal**. Antanke yon òganizasyon ki pa sou fè lajan, chak dola sipòtè tankou w yo bay Fondasyon Wellstar nou an kontribiyè nan misyon nou an, toutpandan nou ap onore moun ki ap pran swen pasyan nou yo ak kominote nou yo chak jou.

Onore moun ki ap ba w swen yo jodi a. Fè yon don ki fasil epi sekirize anliy nan [wellstar.org/wccg](https://www.wellstar.org/wccg) oswa eskane kòd QR la.



Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Wellstar Foundation

Rekonèt yon Bon Èd pou Swen

Kat (4) fason fasil pou montre rekonesans ou

Si w vle remèsye yon manm nan ekip la, tanpri, kontakte ekip eksperyans pasyan w lan nan **(470) 644-6174**, voye imèl bay DHPatientExperience@wellstar.org oswa eskane kòd QR ki anba a.

ShineWell Briye Byen

Nou fè efò pou fè yon diferans chak jou, paske menm aksyon ki pi piti a kapab gen yon gwo enpak sou misyon nou genyen pou amelyore sante ak byennèt chak moun ap sèvi yo. Manm ki nan ekip nou yo pran angajman pou yo bay pasyan nou yo ansanm ak fanmi yo yon seri swen ak sipò nan nivo klas mondyal—nan lòt mo, yo fè nou briye! Se yon privilèj sa yo pou nou sèvi kominote nou yo, epi nou vle gen asirans yo rekonèt swen eksepsyonèl nou bay yo.

Tanpri, pale ak yon enfimiyè responsab si w vle pwopoze kandidati yon manm nan ekip Wellstar pou yon distenksyon espesyal.

Prim DAISY a

Pri DAISY a se yon pwogram entènasyonal ki rekonpanse epi selebre konpetans klinik ekstrawòdinè yo ak swen enfimiyè yo bay ak konpasyon chak jou. Wellstar fyè dèske li se yon patnè nan Prim DAISY a, ki rekonpanse youn nan enfimiyè nou yo chak mwa grasa distenksyon espesyal sa a.



Prim DAISY a
Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.



Prim ROSE a
Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Prim ROSE a

Prim ROSE (Recognizing Outstanding Service Excellence) a rekonpanse yon manm eksepsyonèl nan ekip sipò a. Benefisyè yo ale pi lwen pou yo sèvi ak konpasyon, epi yo demontre ekselans nan swen yo ap bay chak jou.

Rekonesans pou Founisè yo

Doktè ak klinisyen nou yo ale pi lwen pou yo prezève sante moun ki nan kominote nou yo. Pri sa a rekonpanse founisè ki, grasa devouman, konpasyon ak ekspètiz yo, enkane PeopleCare — lè yo pote swen espesyalize ak yon touch pèsònèl, ak lè yo remonte moral pasyan yo ak manm ekip parèy yo.



Rekonesans pou Founisè yo
Pwente kamera telefòn ou an la a pou kòmanse.

Sèvis Dijans nan Wellstar Douglas Medical Center

Nou konprann kesyon ale nan Sèvis Dijans lan kapab se yon eksperyans ki boulvèsan. Se poutèt sa ekip nou an la pou pran swen w avèk konpasyon, ekselans epi respè—nan chak etap nan pwosesis la.

Byenke pakou swen chak moun se yon bagay inik, gid ki anba a ap ede w konnen kisa pou w atann pandan vizit ou a. Nou espere enfòmasyon sa a ap ede w santi w pi byen enfòm, pi byen soutni, epi mete w alèz pandan sejou w lakay nou an.

Anrejistreman ak Triyaj

Kou w rive, tanpri prezante w nan biwo akèy la. Enfimyè nou an ap poze w kesyon konsènan sentòm ou yo, alòske ekip swen nou an ap pran siy vital ou oswa ap fè yon elektwokadyogram (Electrocardiogram, EKG) pou ou. Nou fè evalyasyon pou chak pasyan sou baz gravite eta sante li pou nou ba li swen ki apwopriye, epi nan bon moman.

Evalyasyon ak Tès

Nou ap mennen w nan yon zòn tretman lè se kou pa w. Founisè nou an ap egzamine antesedan w, li ap evalye sentòm ou yo, epi li ap preskri nenpòt tès oswa tretman ki nesèsè. Ou kapab retounen nan sal dakèy la pandan rezilta yo annatant, oswa pandan yo ap prepare sal la.

Enskripsyon

Ekip enskripsyon nou an ap verifye enfòmasyon w yo epi yo ap ede w fè nenpòt mizajou nan enfòmasyon sou asirans, famasi oswa kontak dijans ou. Pou mete w alèz, gen opsyon enskripsyon ki disponib anliy epi nan telefòn tou.

Pandan w ap Tann nan

Ekip nou an ap kontinye siveye eta sante w epi yo ap egzamine rezilta yo kou yo disponib. Pifò rezilta tès yo ap disponib nan epas inèdtan, men, kantite tan an kapab varye. Si eta sante w vin chanje oswa ou gen kesyo, tanpri, fè yon manm nan ekip la konn sa.

Tan Datant

Nou priorize pasyan yo selon ijans yo, se pa nan lòd yo te rive a. Nou apresye pasyans ou epi nou toujou ap travay pou ba w swen ki sekirize epi nan bon moman. Ekip nou an disponib pou bay mizajou oswa sipò pandan w ap tann nan.

Egzeyat oswa Entènè

Lè plan swen w lan pare, founisè nou an ap egzamine rezilta w yo. Si yo ap ba w egzeyat, enfimyè nou an ap eksplike w enstriksyon pou w suiv yo ak preskripsyon yo. Si w dwe entènè, ekip nou an ap kowòdone tranzisyon w lan epi yo ap kontinye ba w swen pandan yo ap asiye yon kabann pou ou.

Nou La pou ou

Pwennvi w enpòtan. Si w bezwen nenpòt bagay, tanpri, fè nou konn sa—se yon privilèj pou nou pran swen w.

Sèvis Dijans Pedyatrik

Sèvis Dijans Pedyatrik nou an ouvri chak jou soti 7 AM pou rive 3 AM. Pandan èdtan sa yo, timoun yo ap resevwa swen nan espas pedyatrik dedye nou an, ki fèt pou konble bezwen byen presi jèn pasyan nou yo ak fanmi yo genyen.

Nan kèk ka, nou kapab egzamine timoun ou an nan sèvis dijans prensipal la anvan nou transfere li nan sèvis pedyatrik la, pou li resevwa swen ak tretman. Sa ede nou garanti yon enskripsyon rapid ak yon atansyon medikal san pèdi tan.

Objektif nou se pèmèt chak timoun—ansanm ak pwòch li—santi yo an sekirite, yo jwenn sipò epi yo konsidere yo pandan tout vizit yo a.

Remak

[illegible]

Remak

[illegible]



Wellstar.

Wellstar Douglas Medical Center

8954 Hospital Drive, Douglasville, GA 30134
(470) 644-6000